

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Saban sélér bangsa miboga kabudayaan séwang-séwangan, kaasup bangsa Indonésia. Bangsa Indonésia anu kawengku ku sababaraha wilayah kaasup wilayah Jawa Barat miboga cicirén husus dina unggal kabudayaan anu dipimilikna. Salah sahijina nya éta kabudayaan dina wangun kasenian.

Hiji jalma teu bisa hirup nyorangan, sakur jalma anu hirup mikabutuh ayana nu lian sakumaha kodratna salaku mahluk sosial. Tina mahluk sosial satuluyna ngajanggélék jadi hiji masarakat. Masarakat nya éta jalma anu hirup babarengan anu ngahasilkeun kabudayaan. Ku kituna, taya masarakat anu henteu miboga kabudayaan jeung sabalikna taya kabudayaan tanpa masarakat salaku wadah jeung pangrojongna. Kabudayaan muncul ku sabab aya jalma anu nyiptakeunana sarta dirageman ku jalma lianna tur dijadikeun hiji kabiasaan.

Unggal kabudayaan miboga wujud anu béda-béda sakumaha jalma anu nyiptakeunana. Saperti anu ditétélakeun ku Koentjaraningrat (1990; 1) yén kabudayaan mangrupa pikiran, karya, jeung hasil karya manusa anu nyumponan kahayangna pikeun ngébréhkeun kaéndahan. Sacara singget kabudayaan mangrupa kasenian.

Seni mangrupa ékspresi kreativitas manusa anu gampang dipikawanoh sarta dianggap onjoy dina daya cipta manusa lantaran loba karya manusa dina wangun kasenian boh seni rupa, seni sora, boh seni tari. Saumpama ditilik tina wujudna, kabudayaan henteu ngan saukur ngajanggélék dina wujud kasenian, tapi ngajanggélék ogé dina pakakas nu digunakeun ku manusa pikeun nyumponan kahirupan, ngawujud tina unsur kabiasaan anu digunakeun ku manusa salaku alat pikeun interaksi jeung nu lian, ngawujud tina sistem kapercayaan (religi).

Sakabéh unsur kabudayaan boh dina sistem religi boh dina kasenian pasti miboga ajén-ajén anu bisa dijadikeun cecekelan atawa pieunteungeun enggoning ngalakonan kahirupan. Saperti ajén moral dina sistem religi anu ngatur kumaha hadéna paripolah manusa dina kahirupan, sopan santun, jsb. Ajén mangrupa nilai anu nyangkaruk dina unggal hal, anu bisa dicokot nu hadéna. Ajén ringkesan tina kecap ajian anu hartina ngulik, diajar, atawa saupama dihijikeun saperti ajén-inajén jadi tata hormat. Dina ieu hal ngahargaan atawa ngahormat sakur anu aya dina adat. Anu bisa diajénan dina ieu kasenian nya éta rupa-rupa, bisa ditilik tina sawangan hirup atawa ajén falsafahna, bisa ditilik tina kaéndahan atawa ajén éstétikana, atawa bisa ogé ditilik tina kasopanan atawa ajén moral (étika)na, jeung ajén budayana.

Dina dasarna sakabéh ajén sumberna tina agama jeung tradisi anu aya. Ku kituna kasenian bisa ditalungtik boh ditilik tina jihat kaéndahan, kasopanan, boh budayana, asal henteu méngpar tina aturan agama jeung tradisi anu aya.

Unggal unsur anu aya dina kabudayaan saperti basa, sistem kapercayaan, sistem organisasi kamasarakatan, téhnologi, sistem pangaweruh, sistem pakasaban, jeung kasenian, pasti ngajanggélék dina tilu wujud kabudayaan nya éta anu wujudna mangrupa sistem budaya, sistem sosial, sarta mangrupa unsur kabudayaan fisik (Koentjaraningrat, 1990: 204). Saperti kasenian anu miboga wujud atawa ngajanggélék dina seni rupa, seni sora, jeung seni tari. Salah sahiji conto wujud kesenian dina wangun seni sora nya éta sora anu dihasilkeun ku kolaborasi antara pakakas lodong jeung pakakas kohkol anu sok digunakeun ku manusa pikeun kaamanan. Ieu kasenian diciptakeun ku salah sahiji warga kota Banjar anu aya di Désa Karyamukti Kecamatan Pataruman. Salah sahiji kasenian anu has di Kota Banjar, ngagunakeun pakakas anu basajan anu saterusna dingaranan kasenian Réog Dongkol.

Dongkol mangrupa singgetan tina pakakas anu digunakeun dina ieu kasenian nya éta lodong jeung kohkol. Biasana dina ieu kasenian anu teu éléh éndahna jeung kasenian réog nu séjén, diigelan ogé ku para mojang. Nu maén

Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

na ogé biasana opat urang nu nyekel lodong, anu saurang nyekel kohkol, ari nu ngigelna mah kumaha kabutuhan sarta kaayaan.

Sakumaha unsur kabudayaan anu séjén, kasenian ogé bisa robah luyu jeung kamekaran jaman. Saperti kasenian Réog Dongkol, anu harita ngan saukur ngagunakeun pakakas lodong jeung kohkol, kiwari bisa dikolaborasikeun jeung pakakas kasenian séjén saperti gong jeung kendang, sakapeung maké waditra gamelan disaluyukeun jeung kabutuhan atawa paménta. Saméméhna, ieu kasenian digunakeun ku nu nyiptakeunana salaku ébréhan kaéndahan sora anu dihasilkeun tina sora lodong anu murag nalika dipaké nyadap, anu saterusna diolah sakumaha kréativitasna nepi ka ngajanggélék jadi kasenian Réog Dongkol.

Dina kanyataanana, kiwari kasenian Réog Dongkol ieu geus nambahan kabeungharan budaya dina wangun kasenian, teu ngan saukur pikeun Kota Banjar tapi pikeun masarakat Jawa Barat. Teu sakabéh masarakat apal kana ayana ieu kasenian. Ku kituna, pikeun ngamumulé ieu kasenian teu cukup ku dipikanyaho ku masarakat wungkul, tapi saeutikna aya dina pangaweruh atawa pangajaran budak sakola hususna anu aya di Kota Banjar. Sangkan teu pareumeun teuing ngeunaan kabudayaan hususna kasenian anu dipimilik ku unggal daérah.

Salah sahiji cara anu bisa dilakukeun sangkan ieu kasenian dipikawanoh ku budak sakola diantarana ayana pangajaran anu husus medar ngeunaan kasenian atawa saeutikna diselapkeun nalika pangajaran anu aya patalina jeung kabudayaan. Ngaliwatan atikan, sakabéh unsur kabudayaan bisa katepikeun ka para siswa. Sakumaha anu disebutkeun ku Freeman Butt (Darmadi, 2007; 2) yén atikan mangrupa kagiatan narima jeung méré pangaweruh sahingga kabudayaan bisa diteruskeun ti generasi hiji ka generasi saterusna.

Patali jeung hal éta, ajén naon waé anu aya dina kasenian bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola. Salah sahijina pangajaran Basa Sunda kaparigelan maca artikel kelas IX SMP.

Saméméhna can aya anu nalungtik ngeunaan kasenian Réog Dongkol, anu geus aya diantarana ngeunaan Ajén Falsafah Simbol-simbol Kasenian Bangklung di Desa Ciseru Kacamatan Cisurupan Kabupaten Garut ku Zaenal Anwar, Ajén Inajén Kasenian Burok di Desa Pabedilan Wétan Kacamatan Pabedilan Kabupaten Cirebon pikeun Bahan Pangajaran di SMP ku Nur Asiah, Istilah-Istilah dina Kasenian Celempungan di Kacamatan Pamulihan Kabupaten Subang ku Evi Lisniawati, Ajén Estétis dina Kasenian Sisinaan di Kabupatén Subang ku Eka Purwati, jrrd.

Dumasar kana kasang tukang anu geus diébréhkeun saméméhna ieu panalungtikan hayang bisa ngadéskripsikeun kumaha sajarah ayana kasenian Réog Dongkol, nu kumaha pintonanana, sarta ajén budaya nu kumaha anu nyangkaruk dina kasenian Réog Dongkol. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “*Ajén Budaya dina Kasenian Réog Dongkol di Désa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMP kelas IX*”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Masalah nya éta sagala wangun patalékan atawa bangbaluh anu kudu ditéangan jawabanana. Dumasar kana kasang tukang masalah nu geus diébréhkeun saméméhna, ieu panalungtikan diwatesanan ngan saukur nalungtik dina salah sahiji ajén anu nyangkaruk dina kasenian Réog Dongkol anu aya di Desa Karyamukti ditilik tina jihat budayana sangkan leuwih heureut ambahanana sarta bisa leuwih euyeub ngaguar hiji masalah kalawan gemet.

Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah nu geus dipedar saméméhna, anu jadi watesan masalah dina ieu panalungtikan téh bisa dirumuskeun dina wangun kalimah patalékan:

1. kumaha sajarah kasenian Réog Dongkol?
2. ajén budaya naon baé anu nyangkaruk dina kasenian Réog Dongkol?
3. kumaha larapan hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMP kelas IX?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal paripolah pasti miboga tujuan, kitu deui dina ngalaksanakeun panalungtikan aya udagan anu hayang dihontal. Ku kituna, dumasar kana rumusan masalah nu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan boh sacara umum boh sacara husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan nya éta hayang maluruh sarta ngadéskripsikeun ajén budaya dina kasenian Réog Dongkol anu aya di Désa Karyamukti Kecamatan Pataruman kota Banjar pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMP kelas IX.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho sarta ngadéskripsikeun ieu di handap:

1. sajarah kasenian Réog Dongkol,
2. ajén budaya anu aya dina kasenian Réog Dongkol di desa Karyamukti,
3. larapan hasil panalungtikan kana bahan pangajaran maca artikel di SMP kelas IX.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Salian ti miboga tujuan panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat kana widang séjénna, di antarana:

1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan kabudayaan hususna kasenian anu dipimilik sarta dihasilkeun ku warga pituin Kota Banjar anu aya di Désa Karyamukti Kacamatan Pataruman.

1.4.2 Manfaat Praktis

Dina mangpaat praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat :

1. pikeun panalungtik, nambahan pangaweruh ngeunaan kabudayaan hususna kasenian anu aya di kota Banjar sarta bisa maham kana ajén budaya anu nyangkaruk dina kasenian Réog Dongkol,
2. pikeun masarakat, bisa mikanyaho kasenian daérahna sorangan,
3. pikeun guru, nambahan pangaweruh ngeunaan kabudayaan hususna dina widang kasenian pikeun bahan pangajaran maca,
4. pikeun siswa, mikanyaho kasenian anu aya di kota Banjar hususna sarta maham kana ajén budaya anu nyangkaruk dina kasenian Réog Dongkol.

1.5 Raraga Nulis

BAB I : Bubuka

Ieu bab mangrupa bab bubuka anu eusina ngeunaan kasang tukang dilaksanakeunana ieu panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah anu rék ditalungtik, tujuan panalungtikan (boh sacara umum boh sacara husus), mangpaat panalungtikan (boh mangpaat teoritis boh mangpaat praktis), jeung struktur organisasi skripsi.

Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BAB II : Landasan Tiori

Ieu bab eusina mangrupa kajian pustaka ngeunaan hal-hal anu patali jeung masalah panalungtikan, ti mimiti wangenan kabudayaan, unsur-unsur nepi ka wujud kabudayaanna, sarta anu patali jeung panalungtikan nya éta ngeunaan kasenian Réog Dongkol di kota Banjar.

BAB III: Metode Panalungtikan

Eusina mangrupa deskripsi tina metode panalungtikan anu digunakeun ti mimiti desain panalungtikan, metode panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan, tehnik ngumpulkeun data nepi ka tehnik ngolah data.

BAB IV : Déskripsi Ajén Budaya dina Kasenian Réog Dongkol

Eusina mangrupa deskripsi tina hasil panalungtikan jeung pembahasan anu patali jeung panalungtikan, dina hal ieu panalungtikan ngeunaan ajén budaya dina kasenian Réog Dongkol anu aya di desa Karyamukti kecamatan Pataruman kota Banjar pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMP kelas IX.

BAB V : Kacindekan

Eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran ti panalungtik.